# Апостол Павелы дыккаг фыстæг Тимофеймæ

## – 1 –

**1** Павелæй – Хуыцауы фæндæй Йесо Чырыстийы апостол чи у, уымæй. Æз æрвыст дæн, Хуыцау зæрдæ цы цардæй бавæрдта, уый тыххæй фехъусын кæнынмæ – уыцы цард лæвæрд цæуы Йесо Чырыстиимæ баиуы руаджы.

**2** Æз фыссын мæ уарзон хъæбул Тимофеймæ. Хорзæх, арфæ æмæ дын фарн Фыд-Хуыцауæй æмæ нæ Хицау Йесо Чырыстийæ.

*Фарны уацыл – иузæрдион*

**3** Мæ рагфыдæлтау сыгъдæг цæсгомимæ Кæмæн кусын, уыцы Хуыцауæй æз бузныг дæн, æхсæвæй-бонæй куы фæкувын, уæд æдзух дæу кæй æрымысын, уый тыххæй.

**4** Дæ цæссыгтæ куы æрымысын, уæд фæбæллын дæ фенынмæ, цæмæй мæ зæрдæ байдзаг уа цинæй.

**5** Мæ зæрдыл æрбалæууы, раздæр дæ мадымад Лоидæмæ æмæ дæ мад Эвникæмæ чи уыди, дæ уыцы зæрдиаг уырнындзинад. Дæумæ дæр ахæм уырнындзинад кæй ис, ууыл фидарæй æууæндын.

**6** Уымæ гæсгæ дын дæ зæрдыл лæууын кæнын: мæ къухтæ дыл æрæвæрыны руаджы Хуыцау дæуæн кæй радта, уыцы курдиаты арт ахуыссын ма бауадз.

**7** Уымæн æмæ нын Хуыцау цы Удæй бахай кодта, уый нын тæппуды хос нæу, фæлæ нын дæтты тых, уарзт æмæ раст зонд.

**8** Уæдæ нæ Хицауы [Йесо Чырыстийы] тыххæй æргомæй кæй дзурыс, уый худинагыл ма нымай, стæй æз Йæ сæраппонд ахæстоны кæй дæн, уый дæр. Фæлæ Хуыцауы хъаруйæ ныфсджынæй мænимæ тухæн кæн фарны уацы сæраппонд.

**9** Хуыцау мах фервæзын кодта æмæ нæ æрхуыдта сыгъдæг цардмæ – нæ хъуыддæгтæм гæсгæ нæ, фæлæ Йæ фæнд æмæ Йæ хорзæхмæ гæсгæ. Йæ хорзæх нын Йесо Чырыстийы руаджы суанг дуне сфæлдисыны агъоммæ рардæуыд,

**10** Æргом та абон раци – нæ Ирвæзынгæнæг Йесо Чырысти куы æрцыд, уæд; Уый фæтых мæлæтыл æмæ фарны уацы руаджы æрхаста æнæмæлгæ цард.

**11** Æмæ мæн [муртаттæн] сæвæрдæуыд уыцы фарны уацы фидиуæгæй, апостол æмæ ахуыргæнæгæй.

**12** Æмæ ацы тухæнтæ дæр уый тыххæй æвзарын, фæлæ сæ худинагыл нæ нымайын. Уымæн æмæ

---

**1:3** Флп. 3:3. **1:6** Ап. хъ. 6:6. **1:7** Ром. 8:15; Дзут. 2:15. **1:8** Мф. 10:33. **1:9** Эф. 1:4; Тит. 3:5. **1:10** 1 Пет. 1:20; Ром. 14:25; Эф. 3:9; Кол. 1:26; Тит. 1:2. **1:11** 1 Тим. 2:7.

Кæуыл баууæндыдтæн, уый зонын, æмæ фидарæй æууæндын: мæ бæрны цы бакодта, уый бахъахъхъæнын Йæ бон у Йе 'рцыды бонмæ.

**13** Мæнæй цы раст ныхæстæ фехъуыстай, уыдон дын уæнт зондыхос; дæ цард араз, Йесо Чырыстиимæ баиуы руаджы цы уырнындзинад æмæ уарзтæй схайджын стæм, уыдонмæ гæсгæ.

**14** Нæ зæрдæты цæрæг Сыгъдæг Уды фæрцы бахъахъхъæн, дæ бæрны дын цы хæзна бачындæуыд, уый.

**15** Ды зоныс: асиæгтæ иууылдæр, уыдонимæ Фигел æмæ Ермоген дæр, ныууагътой мæн.

**16** Хицау Йæ арфæ бафтауæд Онисифоры хæдзарыл. Бирæ хæттыты мæ барæвдыдта, мæ рæхыстæ дæр æй нæ урæдтой – къæмдзæстыгы хос ын нæ уыдысты.

**17** Уый нæ, фæлæ Роммæ куы æрцыд, уæд мæ агуырдта зæрдиагæй æмæ мæ ссардта.

**18** Хицау ын баххуыс кæнæд, цæмæй йын тæрхоны бон Хицау уа хатыргæнæг. Эфесы дæр мын цас балæггад кодта, уый ды хуыздæр зоныс.

## – 2 –

*Хъызæмæрттæ фарны уацы сæраппонд*

**1** Уæдæ, мæ хъæбул, дæхи фидар кæн, Йесо Чырыстийы руаджы кæмæй схайджын стæм, уыцы хорзæхæй.

**2** Æмæ бирæ æвдисæнты раз мæнæй цы фехъуыстай, уый ды та бабар кæн, зæрдæ дарæн кæуыл ис, иннæты дæр сахуыр кæнынмæ чи сарæхсдзæн, ахæмтæн.

**3** Йесо Чырыстийы иузæрдион хæстонæн куыд æмбæлы, афтæ тухæн кæн мемæ.

**4** Йæхи никæцы хæстон лæг сбæтдзæн царды æрвылбоны сагъæстæй – уый æрмæстдæр тырны æфсæддон хицауы зæрдæ балхæнынмæ.

**5** Ерысты архайæг хæрзиуæг нæ райсдзæн, ерысты уаг куы хала, уæд.

**6** Цы хор æрзад, уымæй йæ хай фыццаг хъуамæ райса, чи йыл фыдæбон кодта, уыцы зæхкусæг.

**7** Ахъуыды кæн, æз дын цы зæгъын, ууыл. Хицау дын раттæд æппæт дæр æмбарыны зонд.

**8** Дæ зæрдыл дар Йесо Чырыстийы. Уый у Давиды байзæддаг, мæрдтæй рабадæг – ууыл дзурæг у, æз цы фарны уац хъусын кæнын, уый.

**9** Уыцы фарны уацы сæраппонд хъизæмар кæнын æз, фыдгæнæгау мæ суанг рæхыстæй дæр сбастой. Фæлæ Хуыцауы ныхасæн рæхыстæй сбæттæн нæй.

**10** Уымæ гæсгæ æз алцæмæн дæр фæразын æвзæрстыты сæраппонд, цæмæй уыдон дæр фервæзой Йесо Чырыстийы руаджы æмæ схайджын уой мыггагмæйы намысæй.

**11** Ацы ныхас æцæг у: «Кæд Йемæ амардыстæм, уæд цæргæ дæр Йемæ кæндзыстæм.

---

1:13 1 Ин. 2:24; Ром. 6:17. 1:14 1 Тим. 6:20; Æрг. 3:11. 1:16 2 Тим. 4:19. 1:18 Мф. 25:34. 2:1 2 Кор. 10:4; Эф. 6:10. 2:2 1 Тим. 6:20. 2:4 2 Кор. 9:25. 2:8 1 Кор. 15:4. 2:9 Ап. хъ. 21:11; 1 Кор. 4:9. 2:11 Ром. 6:4.

**12** Кæд тухæнтæн фæразæм, уæд Йемæ паддзахиуæг дæр кæндзыстæм. Нæхи Йыл куы атигъ кæнæм, уæд нып Уый дæр Йæхи атигъ кæндзæн.

**13** Мах Ыл гадзрахатæй куы рацæуæм, уæддæр Уый иузæрдион у, уымæн æмæ Йæ æрдзыхъæд аивын Йæ бон нæу».

*Фæндиаг кусæг Хуыцауæн*

**14** Æппæт уыдæттæ зæрдыл лæууын кæн æмæ Хуыцауы раз фидарæй фæдзæхс, цæмæй æнæпайда быцæуныхас ма кæной – уыцы быцæутæ æрмæст зиан æрхæссынц, чи сæм хъусы, уыдонæн.

**15** Бацархай, цæмæй Хуыцауы раз разынай, йæ куысты тыххæй къæмдзæстыг чи нæу, æцæгады ныхас раст чи амоны, ахæм фæлтæрд кусæг.

**16** Æлгъаг дзæгъæлы ныхæстæм æмгæрон ма цу. Æмхиц сæм чи у, уыдон дардæй-дарддæр кæнынц Хуыцауæй.

**17** Рак буарыл куыд ахæлиу вæййы, афтæ анхъæвздзæн сæ ахуырад. Уыдонæй сты Именей æмæ Филит.

**18** Уыдон фæиппæрд сты æцæгадæй, дзурынц, мæрдтæ ныридæгæн райгас сты, зæгъгæ, æмæ афтæмæй халынц иуæй-иуты уырнындзинад.

**19** Фæлæ Хуыцауы æвæрд фидар бындур уæддæр æнæфæцудгæ у, æмæ йыл ис мыхуыр мæнæ ацы ныхæстæй: «Хицау зоны Йæ адæмы», стæй: «Хицауы ном чидæриддæр ары, уый тæригъæды мауал æфтæд».

**20** Стыр хæдзары та ис æрмæст сызгъæрин æмæ æвзист мигæнæнтæ нæ, фæлæ хъæд æмæ æлыгæй конд мигæнæнтæ дæр. Сæ иутæ кадджын мигæнæнтæ сты, иннætæ та – хуымæтæг.

**21** Уæдæ тæригъæдæй йæхи чи ссыгъдæг кæна, уый уыдзæн кадджын нывонд мигæнæн – пайда дзы кæны Хæдзары Хицау, бæззы алы хорз хъуыддагæн дæр.

**22** Лæппуйы монцтæй хиз дæхи. Сыгъдæгзæрдæйæ Хицаумæ чи кувы, уыдонимæ тырн рæстæй цæрынмæ, уырнындзинадмæ, уарзт æмæ фидыдмæ.

**23** Æдзæлгъæд æмæ æнæфенд быцæуты æмгæрон ма цу; уыдон хъаугъатæ кæй расайынц, уый дын зындгонд у.

**24** Хицауы цагъарæн та хъаугъа кæнын не ’мбæлы, фæлæ алкæимæ дæр хъуамæ уа зæрдæхæлар, уа хорз зондамонæг, фыдæх йæ зæрдæмæ ма хæсса,

**25** Ныхмæлæуæджыты ахуыр кæна æвæлмасæй. Гæнæн ис, æмæ сын Хуыцау баххуыс кæна, æрцæуа сæм фæсмон æмæ базоной æцæгад,

**26** Æрæмбарой сæхи æмæ раирвæзой, йæхицæн сæ цагъартæ скæнынæн цы хæйрæг æрцахста, уый къæппæгæй.

## – 3 –

*Фæстаг рæстæджы адæм*

**1** Зындгонд дын уæд: рæстæджы кæрон уыдзæн уæззау заман.

[2:12] Мф. 10:33; Мк. 8:38; Лк. 9:26. [2:13] Ром. 3:3. [2:17] 1 Тим. 1:20. [2:19] Ин. 10:14. [3:1] 2 Пет. 3:3; Иуд. 18; 1 Тим. 4:1.

**2** Уымæн æмæ адæм уыдзысты
хиуарзон, æхцауарз, хиппæлой,
сæрыстыр, маргæвзаг, ныййарджы-
тæн æгоммæгæс, æбузныг, æнæ-
хуыцау, саузæрдæ,

**3** Нæбарон, хахуыргæнæг, æгъа-
тыр; хиуыл хæцын нæ зондзысты,
хорзæй цы ис, уый сын уыдзæн
æнæуынон,

**4** Уыдзысты гадзрахат, сæнтдзæф,
хъал, Хуыцауы уарзыны бæсты фыл-
дæр уарздзысты ирхæфсæнтæ.

**5** Сæхи æвдисдзысты афтæ, цы-
ма Хуыцауы нымайынц, Йæ хъа-
руйыл та Йын сæхи атигъ кæндзы-
сты. Ахæмтæм æмгæрон ма цу.

**6** Уыдоны хуызæттæ æрбаирвæ-
зынц хæдзæрттæм, æмæ сæ уацары
бахауынц, тæригъæдты чи аныгъуыл-
ди, сæ алы мондæгты коммæ чи кæ-
сы, ахæм æнæзонд сылгоймæгтæ –

**7** Иудадзыг ахуыр чи кæны, фæ-
лæ æцæгад базонын кæй бон нæу,
ахæмтæ.

**8** Ианний æмæ Иамврий Мои-
сейы ныхмæ куыд лæууыдысты, аф-
тæ уыцы адæймæгтæ дæр сты æцæ-
гады ныхмæ, сæ зонд ныззыгъуым-
мæ, æцæг уырныдзинадимæ сын
иумæйагæй ницы ис.

**9** Фæлæ сын бирæ нæ бантыс-
дзæн. Алкæмæн дæр раргом уы-
дзæн, уыдон æнæзонд кæй сты,
уый – уыцы дыууæйы хабар куыд
уыди, афтæ.

### *Павел фæдзæхсы Тимофейæн*

**10** Ды та дæ цард сарæзтай мæ
ахуырадмæ гæсгæ; бафæзмыдтай
мæ цардыуаг, мæ бæллицтæ, мæ
уырнынад, мæ уарзт, куыд фæра-
зон æмæ хъæддых дæн, уый.

**11** Ды мæнимæ бавзæрстай,
Антиохийы, Икони æмæ Листрæ-
йы мæ сæр кæй баййæфта, уыцы
æфхæрд æмæ хъизæмæрттæ. Цы
фыдæфхæрд нæ баййæфтон! Æмæ
мæ æппæт уыдæттæй фервæзын
кодта Хицау.

**12** Æниу, Хуыцауæн фæндиагæй
цæрын æмæ Йесо Чырыстиимæ
иумæ уæвын кæй фæнды, уыдон
сеппæт дæр æййафдзысты æфхæрд.

**13** Фыдзæрдæтæ æмæ фæлитой-
тæ та кæндзысты æвзæрæй-æвзæр-
дæр, сæхæдæг фæсайды уыдзысты
æмæ иннæты дæр сайдзысты.

**14** Ды та цæуыл сахуыр дæ æмæ
фидарæй цæуыл бауæндыдтæ, уый
хæццæ кæн дарддæр. Чи дæ сахуыр
кодта, уыдоны хорз зоныс;

**15** Уыимæ сабибонтæй фæстæ-
мæ ды зоныс Сыгъдæг Фыст – уы-
мæ ис дæуæн зонд раттыны тых,
цæмæй Йесо Чырыстийыл æууæн-
дыны руаджы фервæзай.

**16** Æппæт Сыгъдæг Фыст Хуыца-
уæй разæнгардгондæй ныффыстæ-
уыд, æмæ ахъаз у ахуырæн, багæды
кæнынæн, раст фæндагмæ разда-
хынæн, Хуыцауæн фæндиагæй цæ-
рыныл хъомыл кæнынæн,

**17** Хуыцауы адæймаг алы хуызы
ифтонг æмæ алы хорз хъуыддагмæ
дæр цæттæ куыд уа, афтæ.

## – 4 –

**1** Хуыцауы раз, стæй Йæ паддза-
хы бартимæ Чи æрцæудзæн æмæ
удæгæстæн æмæ мæрдтæн тæрхон

3:13 Мф. 7:16. 3:15 Ин. 5:39; 1 Тим. 4:8. 3:16 2 Пет. 1:21.

Чи кæндзæн, нæ уыцы Хицау Йесо Чырыстийы раз дын фидарæй фæдзæхсын:

**2** Хъусын кæн Хуыцауы ныхас, амон æй, фадат дын куы уа, уæд дæр æмæ дын куы нæ уа, уæд дæр. Цæстмæ дар, уайдзæф кæн, рæвдау – амон фæразонæй.

**3** Уымæн æмæ æрцæудзæн ахæм рæстæг, æмæ адæм раст ахуырадыл сæхи атигъ кæндзысты, сæ монцтæм гæсгæ сæхицæн æвзардзысты, сæ хъустæн æхсызгон кæй ныхас уа, ахæм бирæ ахуыргæнджытæ;

**4** Æцæгадмæ нал хъусдзысты æмæ бауæнддзысты аргъæуттыл.

**5** Фæлæ дæумæ кæддæриддæр уæд уæззау зонд, зынтæн у фæразон, адæммæ хæсс фарны уац, кæронмæ бакæн дæ куыст.

**6** Мæн та рæхджы æрхастæуыдзæн нывондæн, æмæ ацы дунейæ мæ ацæуыны афон ралæууыд.

**7** Тох кодтон хъæбатырæй, мæ фæндагыл ацыдтæн кæронмæ, мæ уырнындзинад бахъахъхъæдтон.

**8** Ныридæгæн мын цæттæ у рæстгæнæджы хæрзиуæг, æмæ мын æй уыцы бон ратдзæн Хицау, æнæхæрам Тæрхонгæнæг. Æмæ æрмæст мæнæн нæ, фæлæ йын Йе ’рцыдмæ чидæриддæр зæрдиагæй æнхъæлмæ каст, уыдонæн дæр.

*Кæронбæттæн*

**9** Бацархай рæхджы мæм æрцæуыныл.

**10** Уымæн æмæ Димас ацы дуне фылдæр бауарзта, ныууагъта мæ æмæ ацыди Фессалоникæмæ, Крискент та ацыд Галатимæ, Тит – Далматимæ. Иунæг Лука ма ис мемæ.

**11** Маркы ракæн демæ, уымæн æмæ мæ уый Хуыцауы куысты хъæугæ кæны.

**12** Тихикы арвыстон Эфесмæ.

**13** Куы цæуай, уæд рахæсс, Карпмæ Троадæйы кæй ныууагътон, уыцы пæлæз, стæй чингуытæ, уæлдайдæр сæракыл фыст чингуытæ.

**14** Бирæ фыдбылызтæ мын саразта æрхуыгуырд Александр. Хицау ын бафиддзæн йæ хъуыддæгтæм гæсгæ.

**15** Ды дæр дзы дæхи бахиз, уымæн æмæ тынг лæууыди, цы дзырдтам, уый ныхмæ.

**16** Фыццаг хатт мæхи сраст кæныны сæраппонд куы дзырдтон, уæд мемæ ничи уыди, уымæн æмæ мæ иууылдæр ныууагътой. Хуыцау сын æй ныббарæд!

**17** Фæлæ мæм Хицау æрцыд æмæ мæ сфидар кодта, цæмæй фарны уац мæ руаджы хъуыстгонд æрцæуа æххæстæй æмæ йæ мыртаттæ сеппæт дæр фехъусой. Афтæмæй æз раирвæзтæн домбайы дзыхæй.

**18** Хицау мæ бахиздзæн алы æвзæр хъуыддагæй æмæ мæ фервæзын кæндзæн Йæ Уæларвон Паддзахадæн. Кад Ын уæд мыггагæй-мыггагмæ! Амен.

**19** Саламтæ ратт Прискиллæ æмæ Акилæйæн, стæй Онисифоры хæдзаронтæн.

---

**4:1** Ин. 5:22; Ап. хъ. 10:42. **4:2** 2 Тим. 2:24; 3:16. **4:6** Флп. 2:17. **4:7** Флп. 3:14; 1 Тим. 6:12. **4:8** 1 Кор. 9:25; Æрг. 2:10. **4:10** Кол. 4:14. **4:12** Ап. хъ. 20:4. **4:14** 1 Тим. 1:20. **4:17** Ап. хъ. 23:11; 1 Тим. 1:12. **4:18** Ром. 14:26; 1 Тим. 6:16. **4:19** 2 Тим. 1:16.

**20** Эраст баззади Коринфы, Трофимы рынчынæй ныууагътон Милеты.

**21** Бацархай зымæджы агъоммæ æрцæуынил. Саламтæ дын дæттынц Эввул, Пуд, Лин æмæ Клавдиа, стæй æфсымæртæ иууылдæр.

**22** Хицау [Йесо Чырысти] уæд демæ. Хуыцауы хорзæх уæ уæд.

4:22 Флм. 25.